ACLU
AMERICAN CIVIL LIBERTIES UNION
of NEW JERSEY

# SA POU FÈ SI LA POLIS OSWA IMIGRASYON OTORITE TA KANPEW nan NEW JERSEY

## KONNEN PWENSIP DE BAZ SA YO:

**Rete trankil.** Pa kouri. Pale ak pwekosyon. Yon bagay ou di ka itilize kont ou.

**Pa touche ofisye yo.** Kenbe men ou kote yo ka wè yo.

**Pa fè fòs**, menm si ou konnen ou inosan oubyen si ou panse ke polis la oubyen ICE ap aji injustement oubyen yo pa swiv la lwa.

**Ou gen dwa pa aksepte pou yo fouye machin ou, kay oswa oumenm menm.** Yo pa kapab arete w pou tèt ou refize dakò pou yo fouyew.

**Si la polis oswa ICE kanpew, mande yo " eske mwen lib poum ale san m pa pale?"** Si ou pa vle pale, pezibman mache ale.

**Ou pa gen obligasyon pou pale ak la polis oubyen ICE.** Imigran ki gen estati legal ou dwe montre kòm prèv estati ou bay lapolis men se pa polis imigrasyon sa yo rele ICE a.

Si ou arete:

- Mande pou yon avoka
- Di otorite yo konsa wap fè silans ou pap pale.
- Apre sa pa di anyen ankò.

## SI YO RETEW W NAN LARI:

**Polis ka pa kenbe ou amwens ke** yo sispèk ke w te enplike nan yon aktivite kriminèl. ICE pa ka kenbe ou amwens ke yo gen rezon pou panse ke wap viv nan peyi a san otorizasyon. Pou lapolis ak ICE, ras oubyen ethnic Selman pa yon rezon valab pou yo kanpe ou.

Si la polis oswa ICE kanpew, mande "eske Mwen lib poum deplase?." Si ou kapab ale ak pa swete pou pale ak yo, pezibman mache ale.

**Polis pa ka "sispèk" oswa** "fouyew nan pye jiska nan chevew" si ou pa gen gwo rad sou oubyen amwenske yo sispèk ke ou gen yon zam.

**Lapolis ak ICE pa ka fouye Poch ou** ak valiz ou amwens ke yo gen rezon valab pou kwè ke yo ap jwenn prèv yon krim osinon y' ap arete ou. Si se polis oswa ICE eseye pou fouye ou oubyen lakay ou di yo "mwen pa dakò pou fè sa a." Pa goumen ak yo.

**Polis nan New Jersey ka pa mande idantite ou oubyen mandew non** amwenske yo gen yon pèmi ke lajis tis bay o pou sa.

Ou pa gen pou w pale sou estati imigrasyon w lan ak polis oubyen ICE. Imigran ak estati legal ou dwe montre kòm prèv estati ou pou ICE ajan yo si yo mande, men pa pou ofisye polis yo. Si ou pa gen yon dokiman valab imigrasyon, di yo ke ou vle rete silans. Pa bay yo manti sou sitwayènte ou oswa bay fo dokiman.

## NAN YON MACHIN:

**Polis ka fouye machin** ou sèlman si yo sispèk ke ou te komèt yon krim osinon yon ofans trafik.

**Si yo kanpew nan machin, chofè a dwe montre lisans li, rejistrasyon ak asirans machin nan.**

Polis ka fouye machin ou si yo gen yon jistifikasyon pou sa, si ou bay yo pèmisyon, oubyen si yo kwè ke yap jewnn yon bagay ilegal oubyen evidans yon krim.

**Lapolis pa kapab mande pou fouye machin ou amwenske** yo gen konfyans ke yap jwenn evidans, krim anndan machin lan.

**Polis ka mande yon chofè soti nan machin lan**, men pa yon lot moun ki andan machin amwenske yo gen enkyetid espesifik sou sekirite yo.

**Si yo sispèk ke wap kondwi sou enfliyans (DUI)** sa vle kleren oubyen tafya ou ka mande pou pran yon alkòl tès. Si ou refize, ou ka menm pèdi privilèj pou ou kondwi lakoz wap kondwi sou enfliyans kleyen oubyen tafya.

## LAKAY OU:

**Polis ak ajan ICE yo dwe genyen yon jistifikasyon** an pou antre lakay ou, esepte nan ka dijans (pa egzanp siw kite yo antre oubyen yo diw yo gen pèmi tribinal pou sa

- Mande pou wè sa — yo pou yo glise prèv la anba pòt la oubyen voyel nan fennèt la.
- Asire w enfòmasyon yo bay la kòrèk
- Asire ou ke yon jij te siyen li.

Lè polis mande ou pou yo rantre lakay ou oubyen fouye kay ou san pemisyon yon jij ou ka kategorikman refize sa.

Si yo aretew lakay ou, **polis la kapab fouye ou ak fouye lot kote ki tou prèw** tankou lot chanm ou pat rete.

Fè preparasyon oumenm ak fanmi ou nan ka ou yo arete.

Se pou w toujou kenbe yon nimero telefon fanmiw oubyen avokaw nan tèt ou.

**Fè plan dijans yo, tankou yon avoka ki ka pran desizyon oubyen yon manm nan fanmiw** sitou siw gen pitit, osinon bezwen medical. Kenbe kopi dokimanw ak yon moun ou fè konfyans.

## LEVE KANPE OU DWA W:

Pafwa polis, fè arestasyon, oubyen kanpew epi fouyew nan vyolasyon dwa ou. Si sa rive ou oubyen ICE boukle zòn nan kotew abite, ekri tout bagay ou wè prese, prese tankou enfomasyon badge ak nimero patrol la. Siw blese chèche èd lopital e pa bliye pou pran foto.

**Si ou pa anba arestasyon, ou gen dwa pran foto oubyen fime polis oswa aktivite** ICE nan piblik amwenske oumenm pesonelman ou ta enplike ou pap ba fè sa. Si ou gen dwa yon lòt kote, ou ka rekòd tout bagay kote w ye a.

**Lapolis pa ka fouye telefòn ou san yon jistifikasyon tribinal.** Ou kapab fè rekòd odyo oubyen vidéo ka prale tou dwat nan ACLU-NJ. Ou ka download apps sa nan telefon ou: **www.aclu-nj.org/TheAppPlace**. Plis dokiman ou genyen se pi plis lap pi bon.

**Si ou te victim yon arestasyon illegal paske polis yo te aji mal kontakte yon avoka ki pli vit ke posib.**

Pa siyen ankenn dokiman nenpòt san avoka.

## OU SANTIW DWAW TE VYOLE?

**Ranpli yon plent polis** ak Depatman polis afè entèn divizyon yo, ki dwe asepte pote plent devan yon moun (tankou sous anonim) pi devan. Pou ranpli yon konplent osijè de ICE, kontakte Biwo ki pwofesyonèl rèsponsablite nan **Joint.Intake@dhs.gov** oswa **1-877-INTAKE**.

**Ou ka kontakte tou ACLU-NJ: www.aclu-nj.org/complaint** or call 973-642-2084 nan jou la semen.

**Download Mobile Justice: www.aclu-nj.org/TheAppplace**

ACLU
AMERICAN CIVIL LIBERTIES UNION of NEW JERSEY

**American Civil Liberties Union of New Jersey**
P.O. Box 32159, Newark, NJ 07102
intake@aclu-nj.org | **www.aclu-nj.org**

Enfòmasyon sa ki sou kat sa jeneral nan nati ak li pa totalman yon sèvis legal. Konsilte yon avoka pou konsèy legal.

li prodwi e distribiye kòm yon lib sèvis piblik pa a Ameriken libète sivil Inyon nan New Jersey Fondasyon, yon group ki pa nan patizanri e kise yon nonprofit òganizayon.

NOVEMBER 2017 (HAITIAN CREOLE)